



FBI AP CHECHE MOUN SA

JERMAINE STEPHENSON

Konplo pou Pran Moun An Otaj; Pran Moun An Otaj



DESKRIPSYON

Alyas: Jermaine Steevenson, "Gaspiyay", "Ibberson"	
Lye Nesans: Ayiti	Cheve: Nwa
Je: Mawon	Wotè: 5'7" pou 5'10" (1,70 m pou 1,78 m)
Pwa: 150 liv (68,18 kg)	Sèks: Gason
Ras: Nwa	Nasyonalite: Ayisyen

REKONPANS

Pwogram Rekonpans kont Krim Òganize Transnasyonal nan Depatman Deta Ameriken ap ofri yon rekonpans ki rive jiska 1 milyon dola ameriken pou enfòmasyon ki pèmèt arestasyon ak/oswa kondanasyon Jermaine Stephenson.

REMAK

Stephenson gen kontak Sen Domeng oswa se posib li vwayaje nan peyi sa.

ATANSYON

Jermaine Stephenson, an tan ke nimewo 2 nan gang 400 Mawozo a, ta patisipe nan kidnapin 17 misyonè kreyen an Ayiti an oktòb 2021. Pami moun sa yo, te gen senk timoun e youn ladan yo se te yon ti bebe 8 mwa. Yo ta kenbe otaj yo anba presyon zam e pifò ladan yo te pase 61 jou an kaptivite. Gang lan te mande lajan pou chak viktim yo.

Yon rekizitwa ki soti nan Tribinal Distri Etazini pou Distri Columbia akize Jermaine Stephenson kòm moun ki fè Konplo pou Pran Moun An Otaj epi Pran Moun An Otaj.

NOU DWE KONSIDERE L AME E DANJERE

Si ou genyen nenpòt ki enfòmasyon konsènan moun sa, silvouplè kontakte biwo FBI bò lakay ou oswa Anbasad oswa konsila Ameriken ki pi pre a.

Biwo Lokal FBI: Miami